ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№172 (21.080) ●2011 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 14, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Хъыбар гуапэ

Сокуров Александр и текІуэныгъэщІэ

Щэбэт кІуам Лидо хытыІуэм щекІуэкІащ Венеце кинофестивалым и 68-нэ зэхуэсым и кІэух зэІущІэр. Зэпеуэм и «Дыщэ альэм» саугъэт нэхъ лъапІэ дыдэр къыхьащ режиссер цІэрыІуэ Сокуров Александр и «Тетралогия власти» циклым и еплІанэ, кІэух Іыхьэм - «Фауст» фильмым. Апхуэдизуи Александр кІуачІэгъэфэщащ цІыхугъэ лъагэр и лэжьыгъэм зэрыщІигъэлъапІэм папщІэ къэпщытакІуэ гупым и саугъэт щхьэхуэр.

«ТЕТРАЛОГИЯ власти» циклым хиубыдэ фильмхэр зы лэжьыгъэшхуэу ешы Александр къызэрильытэр къэбгъэльэгъуэмэ, щІэнджыкІакІуэхэм ягу къэгъэкІыжьыпхъэщ нэхъапэІуэкІэ ягъэльэгъуа ялэ Іыхьищэр цІыху щхьэхуэхэм зэрытеуэуар: «Молох» фильмыр Гитлер, «Телец» Іэдакъэщ Іэкіыр – Лениным, «Солнце» щІыбэщІэр – Хирохито.

Жюрим и унафэщІ Аронофски Даррен фестивалым и дыщэ саугъэтыр Сокуровым щритым жиІащ псори зэдзэрэзыуэ фильмым текІуэныгъэр зэрыхуэгъэфэщар. «Абы еплъ дэтхэнэ зыми и гъащІэм зезыгъэхъуэжьауэ лэжьыгъэщ ар», - кІыхьитэщащ абы.

«ХьэкІэжхъуэкІэхэм я пащтыхым» и тепльэ зиІэ дамыгъэр ящыта иужь, Сокуровым жиІащ:

- Мыр цІыкІуш, ауэ ар си Іэм кІыІэщІыхьэн щхьэкІэ гъэугуанэ кІыхьэ зэпысчын хуей хъуащ. Си гуфІэгъуэр инщ, сызэрыпІейтейри пхужымыІэным хуэдизщ. Кинематографм сызэрыхуэлажьэм сринасыпісЫэщ, Европэм сызэрыщІысэум, дэ псори фІыуэ дызэрызэрыльагъум, дызэрызэгурыІуэм си щхьэр лъагэу сегъэльагъуж.

Гу зылъытатхъэ. Сокуров Александр 1951 гъэм Сыбырым, дзэм хуэлукъу щызыІщІэ унагъуэм къыщалъхуащ. 1974 гъэм Горькэм и цІэр зезыхьэ университетым и тхьэ факультетыр, 1979 гъэм – ВГИК-м документальнэ киномкІэ и къудамэр къыухащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зыхилъхьэ зэрыщымыІэм, щІэх-щІэхыьурэ ди щІыналъэм зэрыщыхьэщІэм я щхьэхуэ КъБКъУ-м къыщыщІэІуихащ киномрэ телевидениэмрэ я режиссурымкІэ факультет. Сокуровым тракъ лэжьыгъэ нэхъ цІэрыІуэхэм ящыщщ «Одинокий голос человека», «Дни затмения», «Круг второй», ищхьэкІэ зи цІэ къитІуа «Молох», «Телец» фильмхэр. «Русский ковчег»-р мылькуцхуэ къызэрыпэкІуамкІэ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуащ – абы доллар мелуани 10-м щІигъу кьилъхьащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

●Ухуэныгъэщ Іэхэр

Мылъкушхуэ хухах

- МВт 28.8-рэ зи лъэщагъ Зэрэгъыж ГЭС цІыкІур жэпуэтэу, МВт 29,6-рэ къэзытыну Балькэр Ищэ электростанцыр щжкІуэгъуэ мазэхэм ухуэн щІэдзэнущ, - къыжриІащ «КъБР-м и ГЭС цІыкІуэхэр» ОАО-м и упафэщІ Соттаев Алий республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен лъжьыгъ Іуэхукъ ІІ Шэрдж районым щыкІуам.

ДЭТХЭНЭ гидростанцыми и лъэщагъыр пэублэу МВт 15-м тращІыхьауэ щытащ. Ауэ проектыр зыгъэхьэзыр-хэм Ауыдмиржэ ГЭС-м ищхьэкІэ къыщІэхъуэ щытыгъ Зэрэгъыж станцым и турбинэм зэрагъэкІуэну щІыкІэм хэкІыпІэ къыхуагъэуэтащ. Абы ГЭС-м и лъэщагъым хуэдитІым нэскІэ хигъэхъуэнущ. Балъкэр Ищэ къуажэм и гидростанцым и проектми апхуэдэ зэхъуэкІныгъэ халъхьащ.

«РусГидро» ОАО-м мы ухуэныгъэхэм сом меларди 2,7-рэ хухихынущ. Зэрадубыхьауам хуэдизу, 2013 гъэм станцэр ятмэ, республикэм электрокъарууэ къыщагъэсэбэпым и процент 20-м нэблагъэр абыхэм кьалэжьынущ. МВт 65,1-рэ, 125,1-рэ я лъэщагъыу нэгъабэ и дыгъэгъазэм яутІыпщащ Къэшхьэтау ГЭС-мрэ Шэрэдж Ищхьэрэ каскадым и ищхьэ гидростанцымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр токыу зыхуейм и зэхуэдитІыр кьат.

КъБР-м и вице-премьер **Уэнаев Казым** нэхъапэІуэкІэ зэряжиІамкІэ, МВт 110-рэ и лъэщагъыу яухуэну «Гуэл щхьэуатІэ» ГЭС-м и каскадым и проектыр еуэльэрэкІыу зэрыхъэзыр. Абы кьыкІэлъыкІуэнущ МВ ти 186-рэ, МВти 100 къэзытыну Курп ГЭС-м и каскадымрэ Малкэ псым тращІыхьыну станцымрэ.

- Гидрогенерацэр республикэм пІалъэ кІыхьым тещІыхьауэ зэрызыужьыну Стратегием и унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы кьыхэкІыу экологием зэран хуэмыхьу, дунейм и къэхъукъащІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щхьэкІэ шынагъуэ зыпымылъ ГЭС цІыкІуэхэр ухуэным мыхьэнэ хэха иІэщ, - кьыхигъащащ Уэнаев Казым.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

УФ-м и Правительствэм и Президиумым и зэІущІэм кьалэ пщІанТІэхэмрэ дыхьэпІэхэмрэ асфальт тельхьэнымкІэ ди республикэр щапхьэу щагъэльагъуэ.

Налшык къэралым щапхьэу щагъэльагъуэ

НАЛШЫК нэсу щагъэззэщІащ хьэблэхэр зэІуэпэщ щыІнымкІэ программэр. Лэжьыгъэ псори ягъэуваУэ щыта пІалъэм и пэ кьихуэу зэфІагъэкІащ. Абыкіэ хьыбар къыдигъэщІащ щыІпІэ адміністрацэм псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Чэрим Виктор.**

Бэрэжьей кІуам къэралым и Президент Медведев Дмитрийрэ Правительствэм и Унафэщі Путин кьыхагъэщащ Урыгъуамкіэ, «Восточнэ», «Центральнэ», «Дружба», «Управдом», «Партнер», «Энергосервис», «Теплоэнерго» управляющэ компаниехэр мыЕйуэ бжьыхьэщІымахуэ лъэхъэнэм хуэхьэзырщ.

«Прохладнэм и псы бжьамийхэр» МУП-мрэ «Къаэлэм и электростехэр» ОАО-мрэ я унафэщІхэу Хан Олегрэ Кабалов Дмитрийрэ зэряжаІамкІэ, зи Іэтащ хьэ Іуэхущ Іапі Іэхэм а лэжьыгъэр проценти 100-кІэ, процент 90-кІэ щызэфІагъэкІащ.

Пархоменкэ Юлие кьызэхуэсахэр кьыхуриджащ гъэпсыльгъуэ лъэхъэнэм сыгт и лъэныкъуэкІи хуэщІауэ ирихьэлІэн папщІэ, коммуналнэ, энергетикэ Іэнатіэхэм я Іуэхур нэхъ зэуІуу яунэтІыну.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

●Прохладнэ къалэ

ЩІымахуэм зыхуагъэхьэзыр

Прохладнэ къалэм и комуналнэ Іэнатіэхэм я псэуалъэхэр гъэпсылъуэ лъэхъэнэм еужьэрэкІыу хуагъэхьэзыр. А Іуэхур зэрекІуэкІым щІыпІэ унафэщІэкІэр ткІийуэ кІэльэпІэ.

Къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Пархоменкэ Юлие коммуналнэ Іуэхущ Іапі Іэхэм, управляющэ компаниехэм я унафэщІхэмрэ я ЖКІуэхэмрэ ядригъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэм нобэ ирихьэлІэу зэпсэльъэхьащ. ЖКХ-м и унафэщІ Подерозов Павел кьызэригъэльэгъуамкІэ, «Восточнэ», «Центральнэ», «Дружба», «Управдом», «Партнер», «Энергосервис», «Теплоэнерго» управляющэ компаниехэр мыЕйуэ бжьыхьэщІымахуэ лъэхъэнэм хуэхьэзырщ.

«Прохладнэм и псы бжьамийхэр» МУП-мрэ «Къаэлэм и электростехэр» ОАО-мрэ я унафэщІхэу Хан Олегрэ Кабалов Дмитрийрэ зэряжаІамкІэ, зи Іэтащхьэ Іуэхущ Іапі Іэхэм а лэжьыгъэр проценти 100-кІэ, процент 90-кІэ щызэфІагъэкІащ.

Пархоменкэ Юлие кьызэхуэсахэр кьыхуриджащ гъэпсылъгъуэ лъэхъэнэм сыгт и лъэныкъуэкІи хуэщІауэ ирихьэлІэн папщІэ, коммуналнэ, энергетикэ Іэнатіэхэм я Іуэхур нэхъ зэуІуу яунэтІыну.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

●Шэрэдж куей

ФІагъымрэ къабзагъэмрэ щогугъу

Къэщкъэтау консерв заводым нащэмрэ помидорымрэ мы гъэм гъэфІэІун зэрыщІидзэрэ банкІ мин 70-м нэблагъэ кьыщІигъэкІащ. Аруан куейм щыщ унагъуэхэмрэ фермерхэмрэ кьыІах хадэхэмкІэ фІагъыщІуэу я ящщ, езыхэр экологие и лъэныкъуэкІэ уэзытемыгуэзэвыхьащ. Абы Іэмал кьарет зи гурыхьагъкІэ нэгъэущІхэм ефІэкІ, зи тепльэкІэ адрейхэм япеуэ фІэІуГъэ кьабзэхэр ягъэхьэзырыну.

«МыІэрысэпсу банкІ мин 50 щІэтхуну ди мурадщ. БжьыхьэщІымахуэ лъэхъэнэм кьзбыстэ дгъэфІэІунущ. Гъатхэр кьэсэмэ, ди Іэмэпсымэхэр кьызыхуэтынщэу зэдгъэпэщьжьнущ. А щІыкІэм тету заводыр ильэс псом мэлажьэ, - жеІэ Іуэхущ Іапі Іэм и унафэщІ Черкесов Магомед.

Цыхуэ 30-м нэблагъэ щылажьэ заводым кьабзагъэм щогугъу, технологие пщалъэхэр тэмэму щагъэзащІэ.

Я Іэдакъэщ Іэкіхэр Краснодар крайм, Шэшэн Республикэм, Новгород Ищхьэрэ къалэм хурагъащІ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр журналистикэм и язныкъуэ напэкІуэцІхэр

**Нобэрей ди гъащІэр нэгу кьыщІэгъэхьэгъуейщ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэр зэмыту Газетхэм, телевиденэм, радиом апхуэдизкІэ десащ, а псор дилъу ягъащІэ лъандэрэ дыкъекІуэкІыу кьызыщыхъуи щыІэнри Іуэхум хэлъщ. Иджы, мис, къэукъубеаяуэ къакІуэ Интернетым и толькъунхэрэм кьытщІоуэ. Пэж дыдэу, а Іэнатіэхэм я гугъу щыпщІкІэ, дызэрыгушхуэн куэду дилэщ: ильэс бгъуитІ и пэкІэ зы газет кІапэ щытращІэу щымыта, къэрал домбейм и щІыпІэ нэхъ пхыдаУэ кьекІуэкІа ди лъахэм, нобэ гъэтхэнэ лъэныкъуэкІи ину зызыужьам, махуэ къэс кьыщыдокІ хэку газетитІу, езыхэм я щыфэлыифэ, Іуэху еплыкІэ яІэжу, адыгэ, балъкъэр литературэр здынэса гъунапкъэм и гъуджэщ литературэ журналищІэр, апхуэдэ дыдэуи бзэщкІэ кьыдокІ сабий журналэр. Республикэм и куейкъэм, апхуэдизу кьалищым езыхэм я газет щхьэхуэ яІэщ.

Урысей къэралыщхуэм щыкуэдкьым щыпІэм щыпсэу, нэхъ тэмэму жыпІэмэ, лъэпкъ мыинхэм кьахэкІа тхакІуэхэм я тхыльхэр авторым аХьшэ яриту кьыдэзыгъэкІ тхыль тедзапІэ. Ди «Эльбрус»-м ильэс кьэс пщІы бжьыгъэкІэрэ сабийхэр зэреджэн тхыльхэрэн тхакІуэхэм я Іэдакъэщ кІэхэри ди пащхьэ кьрелъхьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэ телевизионнэ каналищІ, радио.

Зи гугъу тщІы Іэнатіэхэр Іуэхум хуэІэгъэкІуэ, зи Іэщ агъэр фІыуэ зыльагъу журналистхэмкІэ дзгъуэу кьызэрызэгъэпэщари ди щэнхабзэм и хьугъуэфІыгъуэхэм ящыщ зыщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я союзым хэт щІыхь щиплІ блыщІэр тхур а Іуэху мытынщым толажьэ.

Нобэ диІэр зищІысри, зыхуэдизыр нэсу кьыдгурыІуэн щхьэкІэ зэззэмызэ дызэпльэкІыжьын хуейщ, дыгъуасэмрэ нобэмрэ зэдгъапщэу пщэдейр зыхуэдэнэр кьэтлъагъун папщІэ.

Ди журналистикэм и кьекІуэкІыкІам щыгъуазэ дэтхэнэми гу льитэу кьыщІэкІынщ, ди тхыдэм ешхыу, ар лъжьэнэ щхьэхуэу-щхьэхуэу зэпэгъэша хуэдизу зэрыщытыр. Абы ехьэлІа псальэмакъыр Іуэхур щызэхаубла зэман жыжьэм кьыщыщІэддзэмэ, нэхъыфІу кьыщІэкІынщ.

ЩІэдзапІэ

ЗЭРЫЖЬТІАЩІ, ди лъахэр ящыщщ газет кІапэ кьыщыдэмыкІыу щыта щыналъхэм. Ди зыуреягьым - Ставрополь, Пятигорск, Владикавказ - еджа, щІэныгъэм хуэпабгъэ куэд дэс, щэнхабзэм щылажьэ, щыпсэу щхьэкІэ, Налшык апхуэдэ щІыкІэ зэрыщымащІэт тепщэныгъэр зыІыгъхэм «бгырыс Іэлхэр» щІэныгъэм бгъэдашэну я нэ кьых уикІыщІэу щытагъэнуихэр. Арами, нэгъуэщІ щхьэкІэ усгъуэу куэдым кьыхэкІами, Октябрь революцэм и жыр кьепщэ ху, ди деж а Іу эхум хуэфащэ пщІэ щигъуэта-кьым.

Апхуэдэу щытми, газет Іуэхум, лъэпкым щІэныгъэ егъэгъуэтыным, жылагъуэ гъащІэм лэжьакІуэбзэр хэшэным зи гур хуитхъэщыкІа адыгэлі зыбжанэ абы елэжьащ, ялэ лъэбакъуэхэр хащащ. Псальэм щхьэкІэ, Тыркум кьыщыддэкІ «Гъуэзэ газетым и цІэр» и щхьэр ди льаех кьэса кьудейм кьыщыымынэу, езы ЩІагъуэ Нурий дыдэр Кьэбэрдейм кьэкІуэжауэ Бахъсэн щылажьэрт, Дым Іэ дэм щІыгъуу.

1917 гъэм и щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 27-м дунейм кьытехьащ нобэрей адыгэ журналистикэм гъуэгуэкІ хуэхьуа «Адыгэ макъ» газетыр - аращ ялэ дыдэу Кьэбэрдейм адыгэбзэкІэ кьыщыдэкІар, а махуэр адыгэ журналистикэм, тхьбзэм я къежьапІщ жьитІэкІэ, щыуагъэ хъуну си гугъэкьым. «Адыгэ макъыр» хэкупсо газетт, здынэмыс жылагъуэ я щымыІэу, жыджэру кьыхуэтхэ гупыфІ зэриГъэпэщауэ икІи цІыхубэр кьэралым, дунейм кьыщыхъуу рыихъущи, лъэпкъым папщІэ апхуэдизэ зылэжьа а цІыхубэр кІуэдыкІейуэ кІуэдам и мызакъуэу, хуэфащэ пщІэ имыгъуэтыжауэ нобэм кьэсащ. Сыт щхьэ зыІыгъэ, жьмартыгъэ, фІэщхъуэтыгъэ пхэльыт хуейт а зэманым, уи мылькукІэ типографкІэ щэщхэун, уи ахьшэкІэ тхьилъ, газет кьыдэбгъэкІын папщІэ? Дунейм и зэхэзэрыхьыгъуэ лъэхъэнэм Дым Іэдэмрэ Щагъуэ Нурийрэ щыхубгъэ уэзщІынымк, щІэныгъэм ешэлІэным, бгъэ, хабзэр, щэныр хьумэным, щІэблэр я хьугъуэфІыгъуэ уасэ зимыІэм щІэпІыкІыныгъ я гуащІэрэ я мылькури, уеблэмэ я щхьэри цІыхубэ ящыхъ хуащІащ.

«Адыгэ макъ» газетыр ильэситІ иримыкьыщ (1917 гъэм и щэкІуэгъуэм щыщІэдзауэ 1919 гъэм и жэпуэгъуэ (октябрь) мазэм щІэнэ) кьыщэрыдзэкІар, ауэ абы игъэтІылъа лъабжьэр, абы кьиІэта Іуэху инхэр нэхъ мужькІэ адыгэ журналистикэм гъъэгугъэльагъуэ хуэхьащ.

Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ властыщІэр щыува нэжь, хэкур зыІещІэльхэр, дауи, егупсысын хуей хьуафъэнщ я унафэр щыхуэм я лжэ зэрыНахьэсын Іэмал яІэн зэрыхуейм. Апхуэдэ хэкІыпІэ щыІэр газет кьыдэгъэкІынырт 1920 гъэм и мэкъуаУэгъуэ (июнь) мазэм дунейм кьытехьэу хуежьащ «Кавказская коммуна» газетыр. Зэрытрадзэн машинэкІи, тхылъымпІэкІи, нэгъэущІ куэдкІи я Іуэху зэрызэхэлъэлъымыкІуэм кьыхэкІыу, РОСТА-м и Кавказ къудамэм ар блын газетуу фІэкІа и кьару дэхуэрэтэкъым. Мыр япэу ди дежь дунейм кьыщытехьа большевик газетт

«Кавказская коммуна»-р ялэ щыкІэ махуитІым зэ, иужькІэ махуэ къэс кьыдэкІащ урысыбзэрэ адыгэбзэкІэ. Псом нэхъыбэ нэхъ щІэнэуэнщ адыгэбзэ кьыдэкІыну. Ар ящыщІ Щоджэнщыкіэ Алий зэрыщытарщ. Хьэрыл хьэрфхэмкІэ традзэ тхыгъэхэм нэхъыбэ кьэджэфыр т, цІыхубэм урысыбзэн ящыс тхэкІи зэрамыщІэм кьыхэкІыу.

(КІэуэкьи 3-нэ нап.)

●Нобэ

Кардиологхэм я зэхьхьэшхуэ

Нобэрэ пщэдейрэ Налшык къалэм и Къэрал концерт гъэтхъэгъуэпІэм щекІуэкІынущ Кавказым и кардиологхэм я ящэ конгресс.

КАРДИОЛОГХЭМ я Урысейпсо щІэныгъэ зэгухьэныгъэм и жэрдэмкІэ къызэрагъэпэщащ «Фом и фестиваль» нобэ сыхьэти 10.00-м Налшык къалэ Абхазым и ятІонэ къыщыдзэІуах.

Фестивалым хэтынущ Урысейм и нэгъуэщІ щІыналъхэм я лІыкІуэхэри. ЕкІуэдалъхэм фи я къащхъуну и фІагъыр къащыдгэнуи хуитщ.

Мы сату Іуэхур фокІадэм и 18-м нэсыху екІуэкІынущ.

Республикэм и цІыхухэу пщІэ зыхуэтщІхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Адміністрацэм и деж жэщи-махуэми щолажьэ коррупцэм теухуауэ зэхьэзыр зэрыгъэпсащІэ хьуну телефонхэр.

ВЛАСТЫМ и лыкІуэхэм яІыгъ къулыкъухэр я щхьэ Іуэхухэ къызэрагъэсэбэпым, лэжьыгъэм екъэпІа, уголовнэ законодательствэр къызэрызэпэуадым фыщыгъуаззэмэ, а телефонхэмкІэ Администрацэм и лэжьакІуэхэм захуэгъаззэ хьунущ. ХэІущІыІу фщІыну фыщытешынЫх Іуэху гъэрхэм фытепсэльыхьынымэ, КъБР-м и Президентым и Адміністрацэм и лэжьакІуэхэм зэрыгъэпсащІэ зэрыхьуну телефоныр къэвгъэльагъуэмэ зэфІэкІынущ.

ЦІыхухэм кьабгъэдэкІ дэтхэнэ хъыбарри урысей законодательствэм къызэригъэуэвым тету зэхэгъэкІынущ хабзэхъумэ, къэпщытакІуэ органхэм. Хьыбарыр къызыбгъадэкІар хэІущІыІу ящІынукъым.

Телефонхэр:
8 (8662) 47-17-79, 47-32-56.

●Хуэ Іухуэщ Іэ щхьэпэхэр

Хуэ Іухуэщ Іэ щхьэпэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и конституциончэм я Іэдакъэщ Іэкіхэм дуней псор зэлъащІысащ. Апхуэдэ екъуэлІэныгъэкІэ зи цІэ Іуа щІэныгъэдІэхэм я хэщІапІэ «Сигма ПППР» предприятэм игъэхьэзыр фІагъ. Іыдаз зиІэ радиоэлектрон Іэмэпсымэхэм Урысеймэ европей къэралхэми нобэ кьыщыщІоуищІэ.

ФИГУ къэдгъэкІыжьыщ абы и Іэдакъэщ Іэкіхэр илъэс зыбжанэ и пэкІэ Жор ПІыжьым и дунейпсо организацэм ишхуауэ зэрыщытар. Нэгъэущ щІыпІэ Іэджэм зи зэфІэкІэр лъэныкъуэ куэдкІэ щагъэнэхуа Іэмэпсымэхэр нэхъри зэрыраГъэфІэкІуэным хущІокІу. КъащІэтэмэ, мы Іуэхущ Іапі Іэм щызэнкъэльхъэ ра-



Германием къехъулІакІым

РИА НОВОСТИ хъыбарегъащІэ Іэнатіэм кьызэрыкьуІам, США-м и кьызэрыкьуІам хуэдизу, Германиеми хуэзфІэкІакъым Палестинэ къэрал щхьэхуит кьызэгъэпэщыным теухуа тхьилъэр ООН-м щІамылъхьэну икІи ар а лэжьыпІэр организацэм хагъэхьэным и къэзэрыгъэ ПНА-м и унафэщІхэр арэзы кьыщІыныр. А Іуэхуабэр ящІащ Палестинэ лъэпкъ администрацэм и МИД-м и Іэтащхьэ Риад аль-Малки.

Абы зэрыжиІамкІэ, Германиемрэ къэрал щІыб Іуэхуэхэм кІэ и министр Вестервелле Гидо хэтащ Палестинэм и къэралгъуэ Іуэхуэр ООН-м зэрыщІихимыгъэкІыбфынур, абы и ужь имыхьэмэ зэрыхьэкІыбфІр ПНА-м и унафэщІхэм я фІэщ ищІыну.

Арщхьэкіэ, Германиемрэ МИД-м и лэжьакІуэхэм кьызэрагъэльагъуэмкІэ, Вестервелле Гидо а Іуэхуэр кьыІэтакъым икІи абыхэм яужь ихьэфынукъым, Палестинэр зыхуейр, ар зыхущІэкъум зэрыхуэхуэкІуэну Іэмалхэр зыхуэгъэ наІуэ имышІауэ.

США-м и къэрал департаментым и лэжьакІуэ Нуланд Викторие мэрем кІуам зэрыжиІамкІэ, палестинхэм я къэралыгъуэм теухуа Іэ Іэтащ ООН-м кьыщызэрагъэпэщмэ, Америкэм кьиГъэсэбэпынущ и вето хуитынигъэхэр.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, 1967 гъэм иІа Гъунапкъэхэм кьитІасу, КъуэкІыпІэ Иерусалимыр я кьалащхьэу, палестинхэм я къэралыгъуэ кьызэгъэпэщыным теухуа тхьилъэхэр мы мазэм ООН-м щІалъхьэну загъэхьэзыр. Ар ямыдэу, а Іуэхур къызэпаУдыным и ужь итщ США-ри КъуэкІыпІэ Европэм и къэралхэри.

Урысейми хуэарэзыкъым

ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ Іэнатіэм кьызэрытыкІэ, Сириеми я властым пэщІэт къаруэм я гуфэкІыр Урысейм и деж Іэ кьагъэзащ. Дыгъуасэ щыщІэдзауэ абыхэм пэкІу ирагъэкІуэкІ. Дамаск тралъхьэ санкцэхэмкІэ мыарэзыІуэ Урысейр кьызэрыуыр ямыдэу. Абы ехьэлІауэ яІэ Іуэху еплъыкІэр къэрал унафэщІхэм я пэщІэтхэм зыубгъуауэ кьыщІэзэрагъэуэ «Фейсбук»-м.

социальнэ сетым кьыщыдзэрагъэпэща я напэкІуэцІым.

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий блыщхьэм жиІат Башар Асад зи Іэтащхьэ властым и мызакъуэу, абы кьыпІощІэтхэми, - лъэныкъуитІми – яхуэгъэза резолюцэ ткІий къэщтэн хуейуэ. Ар абы щыжиІар Инджилъым и премьер-министр Кэмерон Дэвид Москва щыІущІаеу зэгъуэсу ирагъэкІуэкІа пресс-конференцыращ.

Япониер мэпІейтей

ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ Іэнатіэм кьызэрытыкІэ, Японием зыхъумэжьныгъэмкІэ и министр Итикава Ясуо дыгъуасэ жиІащ Урысейм КъуэкІыпІэ Жьыжьым щылажьэ Іуэхуэгъуэхэм, и дэзэм зэрыхигъахъуэ зэпытым и унафэ щІэт дзэр набзэгубгъапІэ зэрыкІэлъыпІэлъыпІэр икІи Москвэрэ Токиорэ я зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэн, я дзыхь нэхъ зэрагъэзу щІын зэрыхуейр къыхигъащІ.

Японием и къалащхьэм журналистхэм щепсальэу абы зэрыжиІамкІэ, псом хуэмыдэу ахэр зыкІэлъыпІлъар Камчаткэ дэж Урысейм и ВМФ-м щиригъэкІуэкІа зыгъэсэныгъэхэмрэ стратегическэ бомбэзехьэ къхъхьлъатитІым Японскэ хьтІыгу Іэрамэм и Іыхьэ нэхъыщхьэр зэрыкъэралъэтыхьамрэщ.

- Апхуэдэ къхъхьлъатэхэр гъунэгу къытхуэхъуху, дауи, дэ абыхэм набдзэгубдзапІэуу дакІэлъыпІлъынущ. Дэ дагъэпІейтей Урысейм ищхьэрэ щІыналъэхэм щилажь

● И ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу Урысей Федерацэм и Президент **Медведев Дмитрий.**

●Илъэс 45-рэ и пэкІэ дипломат зэхуэцытІыкІэхэр зэхуаІэхуащ СССР-мрэ Мальдив Республикэмрэ. 1991 гъэм и дыгъэгъазэм Урысей Федерацэм кьищтащ СССР-м и къэлэнхэр.

●ФокІадэм и 14 - 15-хэм Рим (Италие) щекІуэкІынущ мэкъумэш зыужьыныгъэмкІэ дунейпсо фондым и гъэзэщІакІуэ соевтым и 103-нэ сессиер.

●ФокІадэм и 14 - 16-хэм Далянь (КНР) щІэзэхэтынущ гъэ къэс екІуэкІ экономикэ форум («гъэмахуэ Давос»-кІэ зэджэр). Абы хэтынущ псынщІэу зыІэрыжь къэралхэм я Іуэхущ Іапі Іэхэр. Ар къыхэзгъэпэщ экономикэмкІэ дунейпсо форумым.

● ФокІадэм и 14 - 16-хэм Алма-Ата (Къазахъстан) щекІуэкІынущ «СНГ-м хэт къэралхэм ислъамым щагъэзащІэ къаленхэр» зыфІаща Дунейпсо конференц.

●Илъэси 140-рэ ирокъу генерал-майор, Урысейм и КъуэкІыпІэ Жьыжьым щыІэ пащтыхьыдзэм и дзэзешэу щыта **Хьэгъундокъуэ Едыдж.** 1918 гъэм Франджым Іэпхъащ.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым къызэрытымкІэ, нобэ Налшык уэфІу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 26-рэ, жщым градус 15 щыІэнущ.

ПІлагъэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифщ.**

Лъэпкъ Іуэщ Іагъэ:

Мыгъуэщэр щымыуэрэ щыІэкъым.

«Урысей зэкъуэт» партым и фракцэу Къэрал Думэм хэтым фокIадэм и 8-м зэфIагъэкIащ 2012 гъэм, апхуэдизу 2013 - 2014 гъэхэм я федеральнэ бюджетым и проектыр гъэхъэзырынымкIэ лэжьыгъэхэр.

ПСОРИ зэрыщыгъуазэщи, пэублэу документыр щIэдзыкIыным теухуауэ Къэрал Думэм и УнафэщIым и ятIонэрэ зэIущIэу Морозов Олег зэIущIэу щы иригъэкIуэкIащ икIи абыхэм щытепсэльыхьащ 2012 гъэм, апхуэдизу 2013 - 2014 гъэхэм я гъэхъэнэм я федеральнэ бюджетым и проектым «Урысей зэкъуэт» фракцэм хэлъхьэхэу кыхIлыытахэм. А зэIущIэхэм Правительством и лIыкIуэхэмрэ Къэрал Думэм и депутатхэмрэ къыдэкIуэу, Федерацэмкlэ Советым хэтхэри кхъухьлIащ. Дэ кыхэзгъпхъэ IуэхущIэхэр хэзгъэзат «Урысей зэкъуэтым» и къалэхэм я гъэзэгъэщIэхэр», «ЗыгъэпсыпIэ псы-гуэну 500», «Уэзыншагъэр щIагъэфIакIуэ физкультурэ комплексхэр ухуэныр», «Тхыдэм и фэепль», «Урысейм и цIыхубз художественнэ Iэщlагъэхэр», «Сабий садхэр сабийхэм папщIэ», «Егъэджэныгъэр хъэгъэщIэрэщIэжьныр», «Дие школыщIэр» парт проектхэм къыридзуэ къэзыхъэкIэрэ гъэзэщIэным. Псалъэм къыдэкIуэу жьгIэнщи, а проектхэм я нэхъыбапIэм ильэс зыбжанэ хъуауэ йолэжь икIи абыхэм сэбэпынагъэшхуэ зэрапэнчмышэ къыщIытепхъэн щIэзэкъым.

Къэлпцтэмэ, «Уэзыншагъэр щIагъэфIакIуэ физкультурэ комплексхэр ухуэныр» проектым хиубыдэу 2011 гъэм и кум иригъэIэу къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ухуэныгъэ 266-рэ хьэзыр щагъэщIащ. Абыхэм ящыщу 143-р спорт лIэужьыгъуэ куэдым зыщыуасэ Iуэхущапсэхэрэ, 58-р лъэрыжькIэ къыщагъакIыпсэхэрэ, 6-р комплекс инхэрщ. Мы зэманым иджыри зэлэжь спорт ухуэныгъэхэр 120-рэ мэхъу. Абыхэм трагъэкIуэдэн папщIэ 2012 гъэм аргуэру сом мелард 1,7-рэ хухахыну я мурадщ.

«Тхыдэм и фэепль» проектыр зэрагъэзащIэм и фIыщIэкIэ, Санкт-Петербург къалэм дэ члисэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыр къагъэзыпсэщIэжащ. Федеральнэ бюджетым кьыхэлIу 2011 гъэм абы сом мелуан 500-м нэблагъэ трагъэкIуэдащ.

«Урысейм и цIыхубз художественнэ Iэщlагъэхэр» проектым ипкъ иткIэ къыхалъхьащ цIыхубз художественнэ Iэщlагъэхэр къыщагъэсэбэп IуэхущапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжьныр, «Зыгъэпсыпlэ псы-гуэну 500», «Уэзыншагъэр щагъэфIакIуэ физкультурэ комплексхэр ухуэныр», «Тхыдэм и фэепль», «Урысейм и цIыхубз художественнэ Iэщlагъэхэр», «Сабий садхэр сабийхэм папщIэ», «Егъэджэныгъэр къэгъэщIэрэщIэжьныр», «Дие школыщIэр» парт проектхэм къыридзуэ къэзыхъэкIэрэ къалэнхэр гъэзэщIэным. Псалъэм къыдэкIуэу жьгIэнщи, а проектхэм я нэхъыбапIэм ильэс зыбжанэ хъуауэ йолэжь икIи абыхэм сэбэпынагъэшхуэ зэрапэнчмышэ къыщIытепхъэн щIэзэкъым.

Къэлпцтэмэ, «Уэзыншагъэр щ

Къабзэрдей-Балъкъэр журналистикэм и языныкъуэ напэкIуэцIхэр


Щоджэнцыкlу Алий

Хьуран Батий

Срыхъу Хьэгуцыр

Кьуцхъэ Бетlал

Махуэ Iэлисэхъ


Дал Iэуес

Дол Батырбий

Сэхъу Къэрэшей

Гъубж Мухьэдин

Тыхъужь Зэмахь

Агузар Мурадин

Апажэ Назир

Къэрмокъуэ Хьэмид

Шырыт Сультlан

Джэлэс Таужид

Хьэх Сэфарбий

Тымыжь Хьэмыщэ

(КIэуэныр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

Сытыт-тlэ мы газетыр нэ хъ зыпетхыхьыр? Къэралым псэукIэщIэ зэрыщаухуэм, граждан зауэм кьикI хъыбархэм, щIыр мэкъуэмэщIэхэм ятыным, щIэныгъэншагъэр, гъэкIуэдыным текуухуэу Къэбэрдейм щачяпэ лъэбакъуэхэм. КIэщIу жыпIэмэ, цIыкIуэр зыгъэпIейтей Iуэхущхэм жэуап зэрырытыным иужь итт.

«Кавказская коммуна»-м и лъэхъэнэм лъабжьэ игъэтIылъащ газет нэс хэкум кьыщыгъэгъэпщынымкIэ. Абы и лъэныкьуэкIэ куэд ялэжащ Щоджэнцыкlу Алий, Петров Георгий, Гурский Георгий, Лачинский Иван, нэгъэщIэхэми.

Лъэбакъуэщlэ

СЫТ ХУЭДIЭУ къарзынэу мылэжьами, абы и зэфIэкIхэр машIэт, зэманым кьигъэуВ кьалэн инхэм тещIыхьаур. Граждан зауэр ирихьат, къэралыр и ужь ихьат гъащIэщIэ ухуэным. Налшык округым и унафэщIхэм кьапэщIытт социально-экономикэ, щэнхабзэ Iуэхутеу куэд зэфIагъэкIын хуейуэ. Цыхьухэм я лэжьыгъэ ухуэкIэр, зэхущытыкIэхэр ягъэув хабзэм тету кьыззгъэпэщIипхьэт. Абы щхьэкIэ округым и унафэщIхэм яIэн хуейт дэтхэнэ зы цыхьум дежи зэрыгъэсфынэ Iэмал. Апхуэдэ Iэмал нэхъ щэрыуэхэм ящыщт партым куэд щIауэ кьигъэсэбэп а Iэщ лъэщыр - печатыр.

Апхуэдэ Iуэху еплыкIэм и фIыщIэкIэ 1921 гъэм мэкъуаущхьэ и 1-м дунейм кьытехьащ «Красная Кабарда» газетыр. Ди лъэпкым къэралыгъуэ игъуэтыным мазэилIэ и пэ кьихуэу утыку кьихьа газетым икьуI Iуэхущхэ зэфIихьгъэкIащ а къэралыгъуэр хууэным, хэкум цIыхуу исыр зэщIелIэным, лжь-ижьыж пьандзэрэ абыхэм кьадекIуэкI зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, щIэныгъэм тету мэкъуэмэщ щIэным, Iэщ гъэхъуным мэкъуэмэщIэхэр егъэсэным екъэлIауэ.

Псом хуэмыдэу нобэрей махуэм кьыпподжэк Къэбэрдеймрэ Балькъэрымрэ щыIэгъуэхэм ирихьэлIэу абы кьытехуэ тыгъэхэм ящыщ куэдыр. ЗэриГъэкIэщIа щымыIэу тридзащ балькъэр лъэпкъым и Iпэ съездым Къэбэрдей автоном областым и ЦИК-м и тхьэмадэ Кьалмыкъ Бетlал кьыщипсэлъаэр.

Апхуэдэ Iуэхугъуэ куэд дыдэ кьиIэту щытащ «Красная Кабарда» газетым. Уогъэшагъуэ я вагъ и гулыытэр здынэсу щытахэм ящыщхэр ноби гъэзэщIа зэрымыхъуэр. Ауэ абы пIащ и пэIэ зыгтету щIата, а зэманым кьалэн зэхьыщIхьэу областым и пащхьэ кьита куэд: зауэм Iисраф зыхилхьха мэкъуэмэщ Iинатlэр зэфIэгъэувэжьын, промышленность кьызэгъэпэщын, щэнхабзэм, гъуэдзкъм зегъэ уэжьын. Ауэ сыт Iуэху темытхьхьами, зэи зыщигъэгъупщэрэ тэкъым лъэпкъэр зэкъуэщу зэдэпсэуным екъэлIа темэр.

Iулъхьэм, фадафэм, дигъуаукIуэкъэмебэныным кьыдэкIу эу, «Красная Кабарда»-рш япэу зэхэзыублар адыгэхэмрэ балькъэрхэмрэ я деж щIныгъэншагъэр щыгъэкIуэдыным теуухуа бэнэныгъэр. ИкьукIэ дерс ноби кьызыхъэхьпхьэщ 1923 гъэм щыщхьэIум (августым) и 22-м а Iуэхум теуухуауэ итхаэр: «ЩIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным и Iыхьэ нэхъыщхьэщ япэ кIасэхэм щыщIэдзауэ анэдэлъхубзэкIэ егъэджэныр, сыгу жыпIэмэ сабийм сыт щыгъуэ нэхъ къоцугъуэкI хамэбзэкIэ еджэныр... АнэдэлъхубзэкIэ еджэкIэ, тхэкIэ зыщIэр урыс тхыбзэмк еджэжкIэмэ нэхъ хозагъэ».

«Красная Кабарда»-м бгъэдэлъ фIыщIэхэм я нэхъ ин дыдэщ абы и куэщIым нобэ дыз эрыгушхуэ ди прессэр кьызэрэтэрмыкIащ, япэ адыгэ, балькъэр журналистхэр абы зэрыгъэрищэлIар. Псальэм папщIэ, 1922 гъэм корректору редакцэм щылажьащ ди литературэм и пьабжьэр зыгъэгъбыпа Щоджэнцыкlу Алий, газетым нэхъ тхэрейхэм ящыщыт ди тхыдэм зи цIэр щыцIэрыIуэ Кьэшэж Пталиб. Ди жагъуэ зэрыхъущи, нэгъэщIэ эм я цIэр зэкIэ кьэчута хъуакъым.

Маржэ, маржэ, «Къэрэхьэлъкъ»!

ТхыдэМ дежкIэ ильэсищ нахьыбэ Iэтытlуэ хуэдизу хъуркым, Ауэ а лъэхъэнэ кIэщI дыдэм «Красная Кабарда»-м куэд дыдэ хуэзэфIэкIащ Къэбэрдей-Балькъэр къэралыгъуэщIэр гъэбыдэныжмкIэ, цIыхухэм я гур щIэныгъэм хуэзыухыным-кIэ, зэбий-зэижу зэгуэр псэуа жылагъэр зэкъуэгъэзыжыныжмкIэ. И цIэр фIыкIэ дигу щIидым нэгъуэщI фIыщIэ Iэджи бгъэдэлъщ абы. Ауэ дэ иджьпсту зи гугъу нэхъ тщIынур - ар ди лъэпкъ журналистикэм и зэхэублакIуэ зэрыхьарыкI.

Хьэзыр хьуа адыгэ Iэлыфбейр (ар зэхалъхьат Хьуран Батий, Щэрэпокъуэ Тlальэт эн, Борыкуей Путlэ, Щагъуэ Нуурий, Елбэрэ Хьэсэн сымэ) яIэу кьытезыдзари, абы тету ятх журналист тхыгъэхэр ди бзэкIэ кьызытехуари «Красная Кабарда» газетращ. Апхуэдэуэрэ мазэ зыбжанэ кIуэрэ, балькъэр Iэлыфбейр кьащта, абы тету хьэрфыльэ тхьилъ кьыдэкIа нэужь, 1924 гъэм накьыгъэ (май) мазэм нахуэ хьуащ ди къэралым и кIэ кьыдэкIуэ Iуэхур - дунейм бзыщкIэ кьытехьащ «Къэрэхьэлъкъ» газетым и япэ кьыдэкIыгъуэр. Ар пхуэмыIуэтэщIын хуэдизу кьхьэхьащIэ инт ди цIыхухэм, ди къэкIуэнум, ящыщхьэм я дежкIэ. Адыгэмрэ балькъэрхэмрэ Iэмал зэрыэтат я анэдэлхубзэкIэ зэрыщIэну, я псэукIэ, мурад тепсэлъыхьыну псалъэкIэ мыхъу у, я тхыдэр кьхъуу я щIэблэхэм тхыгъэкIэ кьыхуагъэнэну.

Куэдым урегъэгупсыс, куэдри кьыбгурегъаIуэ абы фIащ цIэм езыми - газетыр зейр къэрэхьэлъкъ лэжьакIуэхьэр, ар зыхуэлэжьынрэ ахэрт - зи кьупщхьэр фIыщIэу зи гъащIэр кьеэзыхьэкIэхэр.

А кьалэн гугъуэм, ауэ лъапIэм текIалъхьэм «Къэрэхьэлъкъыр», нобэ зи цIэ дымыщIэж япэ адыгэ, балькъэр журналистхэр. Кьащти иripлъэ дэтхэнэ газет кьыдэкIыгъуэми - лъэхъэнэ жыжьэм и нэпкъыкъэ ятельщ. Латин хьэрфхэм тещIыхьа адыгэ, балькъэр Iэлыфбейхэм тету кьыдэкIа газет напэкIуэцIхэм щыгъуэзэ дащI а зэман жыжьэм ди лъахэм щекIуэкIа Iуэхугъуэ инхэм - япэ ильэситху планым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балькъэрым промышленностым кьыщыхьэзыгъэщын зэрыщIадзами, мэкъуэмэщ зегъэужьыным екъэлIауэ зэфIагъэкIхэми. Газетыр кьыщIэзэрагъэпэща мурад нэхъыщхьэр зыщитхэгъупщэрэ тэкъым - большевик партым и сьездэхэм, пленумхэм я унафэхэр цIыхуэ убзэм ягуригъаIуэрт, ахэр гъэззэщIынымэ зэрыщитхэу Iуэрт.

Абы иIащ текI имыIэу зытет нэгъуэщI зы унэтIыныгъэ - ар щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным, щIэныгъэм и нэхъ цIыхубзэр хэщэныгъ. Газетым ку зэу тридзэрт Къэбэрдей-Балькъэрым и кьуажэхэм, школхэм щIэныгъэншагъэр щагъэкIуэд унэхэр, тхыль екджапIэхэр кьыщIэзIухьыным, теухуа тхыгъэхэр. Едзыгъо бийм и закъуэтэкъым - тхэкIэ, еджэкIэ зэрагъащIэрт жьыми щIэми. Газетыр ящытхъуртэ Iуэху дахэ зэфIэзыгъэкIхэм, я тетхьуцIыхьыртэ хуэмыкуэхэм, емыгугъуэхэм.

Щхьэл мывитI зэхуакум

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым щекIуэкI социально-экономикэ, политикэ зэхъуэжьныгъэхэм я тещIыхьауэ щрищI гъэхэм республикэм кьыщыдэкI газетхэм я цIэхэм мыззу захъуэжащ. 1931 гъэм абыхэм фIащащ «Ленинский путь», «Ленин гъуэгу», «Ленин жол» цIэхэр. 1934 гъэм и гъэтхапэ (мартъ) мазэм «Социалистическая Кабардино-Балкария», «Социалистическэ Къэбэрдей-Балкъэр», «Социалист Къэбарты-Малъкъар» фIащащ. Ауэ дапщэрэ я цIэр ямыхъужакъми, ахэр сыт щыгъуи тетащ кьыхаха гъуэгум - цIыхубзэм, хуэлэжьэныр. Ики ар кьаIэхъулIащ. Лъэхъэнэр сыт хуэдизу мыгугъкIыми, унафэр дауэрэ мыткIийми, япэ адыгэ журналистхэр сакьыу, эрэн зэрымыхъуным, лажьэ зимыIэм цIэ лей зэрыфIамыщынымI Iуэхур тращIыхьу лэжьащ.

Эрэжьитlащи, зэманыр ткIийт - колхозхэр кьыззэрагъэпэщырт, дэнэ дежи бийх эр - троцкистхэр, оппортунистхэр - кьыщалъхьыхьу лъэхъэнэтэ, я Iэдакъэм кьыщIэкIым, я щхьэмиуэсакьыжьын хуейт. Къэралым, Къэбэрдей-Балькъэрым щекIуэкI Iуэху шынагъуэхэм гъэзэгъ мыамыщIу тетхьыхьырт. Абыхэм ящыроихьэ лIэ мэкъумэщыщIэ гуэрхэр «оппортунистыгъэ хэлъу» мэкъу зэреуэм, «троцкистгъэ терроризм бандэхэр» кьыщIэзэгъэнэ тхьгъэ. Ауэ ренакцэм щылажьэ я куэдым яшIэртэкъым а щхьэл мывэ шынагъуэм и зэхуакуэ езыхэри зэрыдзэхьурэр.

Мис абы ехьэлIа дэфтэр. Мыр кьитхьыжащ тхьидзэж Къэзакъ Асльэн и тхьилъ Шынагъуэншагъэм и лэжьакIуэхэмрэ жылагъэмрэ зыфIищам.

ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым и бюром и зэхуэс 1937 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 7-м екIуэлIар едзIауэ щытащ бзыщкIэ кьыдэкI «Социалистическэ Къэбэрдей-Балькъэр» газетыр кьыщащытам кьыщIэщащэм теухуа хьыбар. Абы кьыззэрэхэщымкIэ, 1936 - 1937 гъэхэм я закъуэ щыхуу 16 ягъэтIысащ троцкист, буржуазнэ-националист, фашист агент фIащри: Бейтокъур, Срыхъур, Уэдыхьыр, Кьамбийр, Махьсидэр, АфIунэр *(адыгэ редакцэм)*, Шаваев *(балькъэр редакцэм)*, Артемьев, Климов, Ростопин, Петров, Пиневъ, Якименкэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Абы щыIуэмэ, адыгэ газетыр ягъэжьауанщэрт буржуазнэ националистхэм ебэныным зэрытемытхыхьым щхьэкIэ.

Мыр щапхъэ закъуэщ. А зэман щынагъуэр зи нэгу щIэкIа адыгэ газетым ильэс куэдкIэ щылэжьа Агузар Мурадин игу кьигъэкIыжу щытащ лажьэ зимыIэ журналист куэд щашрэ лъэужьыныгъэ кIуэду зэрыщIэгар.

Ди жагъуэ зэрыхьуци, нобэкIэ щыIэкъым а репрессием журналисту ихьам и бжьыгъэ зыхуэзирыр. ЗэкIэ дызыщыгъуэзэр редактору щытахэу Бейтокъу Мыхьэмэтмырэз, Срыхъу Хьэгуцыр, журналист щIалэхэу Iэрыпщэ Хьэжмуэз, Цыппынэ Iэбубэчыр, Щерджэс Хьэжмуэ сымэ хейуэ зэрыкIуэдарщ.

Апхуэдэ хэщIыныгъэ гуауэхэр яIащ адрей редакцэхэми.

Алий кьыхидзэм джьауэ

IУЭРIЫУАТЭ фIэкIа тхыбзэ гуэри зимыIа ди лъэпкъхэм зэман кIэщI дыдэм жьыжьэ Iуа я литературэхэм я зэхэублакIуэ, унэтIакIуэхэ хьуащ лъэпкъ газет кьежьагъащIэхэр, жыпIэкIэ ущыуэну кьыщIэкIынкьым. «Къэрэхьэлъкъым», «Социалистическэ Къэбэрдей-Балькъэрым» я гугъу пщIымэ, адыгэ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я кьалэмыр щыщIадзыныкI кIыщу, я зэфIэкI щагъэунэху утыкуу щытащ. Япэ мазэхэм, ильэсхэм щыщIэдзауэ кьытехуэу хуежьащ усэ, хьыбар хуэдэхэр. Мыбдежьым псом хуэмыдэу щагъэхъэ хуащ Щоджэнцыкlу Алий. ЩIэх-щIэхыурэ абы и усэ гъэтым кьыштехуэхэм куэд тхэным хуигъэхущащ икIи Алий кьыхихьэм усэным гу хуэзэщIащэр дежьуурэ, литературэр зэхэщIным хуэщIхьэпащ. Литературэм и гуэргум гъэтым тришэхэм ящыщ куэдым абы лъэужь кьытранащ. Аэрэ Кьуэжей Сосрыкьуэ, Махьсидэ Залымхан, Кьыщокьуэкъэ Рашидрэ Алимрэ, АфIэунэ Мухьэмэд, КIэращэ Тембот, Теуиэ Хьэчим, Пцымонькуэкъэ Абдулрэ Мэчрэшилрэ, Щакlуэ Талъостэн, Гъубж Мухьэдин сымэщ, нэгъуэщIхэрщ.

Япэ зидгъэщу жьытIэнщи, а хабзэфIым пишIу сыт щыгъуи кьокIуэкI адыгэ газетыр - щIэщIэ зэр кьыззэIуихыу , гъуэгу тришэу. Ноби аращ.

Шагъдий гъэшхахэм текутэ!

ХЭКУ зау эшхэм и пэ кьиуэу я ильэсхэм Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщыдзэгъэпэща хьуат зэфIэкI зиIэ журналист лэжьакIуэкIэ хуэщIа редакцэ коллективхэр, зыкъомми, техническэ типографиер. Республикэм щылажьэрт радио.

Арщхьэкlэ, совет цIыху псоми яхуэдэу, Къэбэрдей-Балькъэр гъащIэрыпсэухэм я гъащIэ мамырыр зауэм кьыщытрикъуащ икIи зэрыкъэралу зауэм телажьэу хуежьащ. Ди печатри журналистхэрэ лъэныкьуэкIэ текIуэтахьам, атlэ я кьалэмыр текIуэныгъэм хуагъабзэу щадзащ.

Зауэм и гънымэр кьыпщIихьэ, фашистхэм зэтрауклэ цIыхубзхэм, жьыкIэрэкIэхэм, сабийхэм я гъы макъ зэхэпхыу кьыщIохьу гъужь хьуа газет напэкIуэцIхэр ящыщIэзбгъэдзэкIыжкIэ. Бийм иубыда щынальэхэм нэмыцIэхэм щызэрахьэ хьэкIэнхъуэкIагъэхэм я гъэщIыгъэ, газетхэм кьагъэлагъуэрт Дзэ Плъыжьым лIыгъэ зэрихьэр зыхуэдизыр, текIуэныгъэмэ кьэрал псор зыIи и бзыу зэрыкуэлажьэр.

Апхуэдизу ди щIыналъэрэ - адыгэ кьуажэхэм, балькъэр жылагъуэхэм, урыс станицэхэм кьыдэна цIыхубзхэр адэхэм, дэлъхухэм, щхьэгъусэхэм, бынхэм я пIэ нувауэ вэрт, сэрт, Iэщ ягъэ хъурт, Iэщ-фащэ кьыщагъэкIырт, ерыскьы, щыгъыин хуабэ, чысэ, бэлътоку хуэдизкъэмрэ» зыфIищам.

Махуэ кьэс Совинформбюром и хьыбархэр, Командующэ нэхъыщхьэм и унафэхэр ятlэддзэрт.

Кlэщlу жыпIэмэ, ди газетхэр радиори щхьэж и Iинатlэ щызыэрт, текIуэныгъэм и махуэм хуэлажьэрт.

Абыхэм совет щIыху псоми я нэхъ гугъуехьри гуэвзгъуэри ягъэвзырт - редакцэм щIэса щIалэ кьуданхэр лъэIу хтыль ятхри эзэпIэм кIу ат 1941 гъэм бадзэуэгъэум (июлым) и 2-м «Социалистическэ Къэбэрдей-Балькъэр» газетым Щоджэнцыкlу Алий кьытрыригъэдза «Щагъадий гъэшхахэм текутэ» зэ тельыджэм дэтэджам кьыдэкIыр:

Совет щхьэхуитым и бынхэу Iащщэм и дахэм еса,
Насып зэхэльыр зыхуэзу
Зи гъащIэр льапIэу льыта!

Еуэ, хэку лъэщым и щIалэ,
Адэжь и щIапIэр гъэльагъ,
И гуэрым ихуэзыркъым
блэ бзаджэр,
Мис, ди щIы кIапIэм
кьытопщIэ
Уи лъакIуэ и лъэщыр
тегъэуви,
Езым и хэкум щылIыж...

Хьэлэмыр Iэщзщlэ яхуэхъуащ Абдзэ Залымхьан, Алэхьей Хьэталий, Бжьэдыгъу Шэмсэдин, Джэрыджэ Анатолэ, Егъэн Хьэту, Кьущхьэ Бетlал, Кьардэнгъущ Хьэмид, Шыд Избрахьим, Шыгъушэ Пщыкьан сымэ икIи я щхьэр зауэм халъхьащ. Лыгъэ зэрахьауэ, дамыгъэ лъапIэхэр яIэу кьэзыгъэзэжахэм ящыщщ Елмэс Iэбу, Агузар Мурадин, Батыр Сэхьид, Гумэ Джатэгъэ жь, Гъубж Мухьэдин, Дал Iэуес, Дол Батырбий, Жамбэч Хьусен, Жэмбей Мухьэмэд, Иуаз Iэубэчыр, Кlэщт Iэмиуар, Колесников Иван *(сурэтлэхьу щытащ)*, КIымыкьу Iэмырбэч, Кьумахуэ Башир, Къэрмокьуэ Рэмэзан, Лыбекьуэ Хьэбас, Махуэ Iэлисэхъ, Сэхъу Къэрэшей, Сэбанщы Мэстафэ, Хьэжу Ахьмэд сымэ, нэгъуэщIхэр.

Лыгъэ кьагъэлъагъуэу зауэм хэтащ балькъэр газетым и лэжьакIуэхэу Бозиев Ахьмэт, Настуев Маг омет, Уварнов Абдулыхь, Черкесов Сэфэй, Теппеев Сулеймэн, Малкандуев Хьэмид, Мирзоев Алий, Кучуков Магомед сымэ. Хэкум папщIэ зи псэр зытlащэхэм ящыщ Афашоков Избрахьим, Беппаевэ Фатlимэт, Беппаевэ Фариз, Будаев Аэрэ, Гургуев Солтанбек, Жабоев Асхьат, Мусукаев Алий, Османов Дадаш, Чеченов Билял, Шаваев Ахьмэт сымэ.

Печатыр тхыцIэтхыу жьыхуаIэр пэжмэ, Къэбэрдей-Балькъэрым бзиящIэ кьыщIэзэгъэнэ хэр республикэм щыхуу исыр а зэман хьэлъэм зэрыпсэуам, гурыгъуэрэ гурыщIэу яIам и гъуджэщI. Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэ кьыщыхьыным Афашоков Избрахьим, Беппаевэ Фатlимэт, Беппаевэ Фариз, Будаев Аэрэ, Гургуев Солтанбек, Жабоев Асхьат, Мусукаев Алий, Османов Дадаш, Чеченов Билял, Шаваев Ахьмэт сымэ.

Печатыр тхыцIэтхыу жьыхуаIэр пэжмэ, Къэбэрдей-Балькъэрым бзиящIэ кьыщIэзэгъэнэ хэр республикэм щыхуу исыр а зэман хьэлъэм зэрыпсэуам, гурыгъуэрэ гурыщIэу яIам и гъуджэщI. Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэ кьыщыхьыным ящыщ Афашоков Избрахьим, Беппаевэ Фатlимэт, Беппаевэ Фариз, Будаев Аэрэ, Гургуев Солтанбек, Жабоев Асхьат, Мусукаев Алий, Османов Дадаш, Чеченов Билял, Шаваев Ахьмэт сымэ.

Зыужьыныгъэм и гъуэгухэр

ЗАУЭ нэужь ильэсхэм я гугъуехьхэр я нэгу щIэкIа къудейкъым журналистхэм. Ахэр езыхэм ягъэващ. Ауэ, нэхъыщхьэрати, зауэр ушыIат, псэуу я кьэнахэм къабзэхьэжат, къагъэзэжат газетхэм я лэжьакIуэ зыкьомми, нэхъыбэр зэуапIэ губгъуэм кьинами. Иджыпсту нэхъыщхьэр зауэм зэтрикьута псор зэгъэпэщыжьын, псэукIэр щIэрыщIэу гъащIэмамырым тещIыхьауэ зэтеублэжыныгъэ. Республикэм ис псоми я зауэ, редакцэхэм я лэжьакIуэхэм я лъэр щIигъэкIырт я псэукIэр зэрефIэкIуэжыныр, яшхын-щатlэрэ ягъуэту яIа псэукIэм кьигъэзэжыныгъэ яIэ гугъэ Iыфыр.

Арщхьэкlэ печатым аргуэру хэщIныгъэшхуэ игъуэтат: балькъэр журналистхэр зэкъуэгъэкIуэ щрашым, балькъэрэбзэкIэ кьыдэкI газетыр зэхуащIыжащ, республикэм радиор а бзэмкIэ мыпсэльэж щыхуащ. Арати, газетхэм я щIэр 1944 гъэм гъатхэпэ мазэм «Кабардинская правда», «Къэбэрдей пэж жиIэ» зэрахьуэжащ.

Зауэм зэхифыщIа льэпкъ хозяйствэр зэфIэгъэувэжын, гущIэрыпсэухэм я зэIуэзэпщэ псэукIэр кьэIэтын - аращ а льэпкъэм печатым и пащхьэ ящIэнлэн нэхъыщхьэхэр. ЦIыхухIи мылькуIи хэщIныгъэ ин зыгъэуэта щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ цIыхухэр ешIэлэжьын хуейт. Мис апхуэдэ Iуэхугъэхэм газетхэм, радиом я журналистхэм я кьару псори хуэзащIагъэуIэу зыщIапIэ. А псом кьыдэкIуэу къэралым, Къэбэрдей АССР-м коммунист партым щригъэкIуэкI политикэ лэжьыгъэм и джакIуэт. ИкIи и пащхьэ кьиувэ Iуэху мытынщхэмрэ зыщIыгъуэ, фIещIыхьэ зыхэль, зи Iэщlагъэм хуэпэк лъэныкъэ зэрыкIуэм зи гъэщIагъэ. Абыхэм зауэм и мафIэм ипсыхьа журналист Iэкlуэльакlуэхэу редакцэхэм щыта зыгъэзэжахэр, «Iувыкlыжьыгъуэ» жьыхуаIэхыщI гъэхэм щыщIэдзауэ ди прессэм хуабжьу зиужьащ. ЕфIэкIуащ полиграф базэр. Абы и фIыщIэкIэ газетхэм я теплъэр нэхъ дахэ хьуащ. Лей зытехьа ди балькъэр къэушхэм абы ирихьэлIэу кьагъэзэжащ, илъэс пщыкIуи енкIэ зи бзэр теплъэщIауэ щыта газетым кьыдэкIын щIидзэжащ. Нэхъапэ Iуэхкlэ «Советская молодежь»-р бзитlкIэ дунейм кьытехьэн зэрыщIидзэжар кьэплъытэмэ, республикэр щыкIуэм дежкIэ газетыплIымрэ махуэ шхын лажьэ радиомрэ идеологиемкIэ кьару льэщт.

КьыжькIэн хуейщ 1957 гъэм республикэ газетищым и цIэр арагъэуру щыжьэжар «Кабардино-Балкарская правда», «Ленин гъуэгу», «Коммунизмэ жол жиIэу. Иужьеритlым и цIэхэр зэрахьащ 1991 гъэ пщIондэ - «Адыгэ псальэ», «Заман» жаIэу зэрахьу экIыу.

Зи гугъу тщIы ильэсхэм, нэхъ ижьыIуэхэм я газетхэм пщIэуэ яIам, зэIэпахьу цIыхухэр еджэу зэрыщытам я щыхьэтщ кьызэрыдэкIыу щыта бжьыгъэр. Псалъэм папщIэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и тиражыр мин 75-м щыщхьэдэха, «Ленин гъуэгу» мин 25-м щынэса щыIащ.

СыткIэ кьыдахьэхрэт щIэджыкIакIуэхэр? Псом япэрщыхум я гум, я псэм кьипсэлъыкI тхьгъэ куэд зэрыгъэдэкIыу, Сыт хуэдизу идеологиемрэ и бжьым щIэмытми, дэтхэнэ газетри хущIэкъурт зэманым кьигъэувэ упщIэхэм ящыщ зэрыритыным. Куэду кьыгъэуэрт аналитикэ тхыгъэхэр, щыщIэныгъэхэр сэтей кьэзыщI, льэпощхьэпо хьу Iуэхухэмрэ щыхухэмрэ ятетхьидыхь тхыгъэхэр, фельетонхэр, цыху пашхэр зыщIэлъэIэ мерекъуэр. КIэщIу жыпIэмэ, журналистикэм и жанр псоми газет напэкIуэцIхэм ущырихьэлIэрт. Редакцэ кьэс щIэст очерк, фельетон, репортаж тхьным хуэIэкIуэльакIуэ цIыхухэр.

Газет лэжьыгъэр гупым эдащIэ Iуэх уш. Апхуэдэу щытми, редакторэ нэхъыщхьэм куэд дыдэ ельытат газетыр жану гу зыльытапхъэ кьимыгъанэу щытын папщIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ куэд зыхуэзэфIэкIа, фIыкIэ зи щIэр журналистикэм кьыхэна дзэпкIэ кьыщIэзэгъэнэ хэр республикэм щыхуу исыр Иван, ильэс куэд дыдэкIэ а кьалэныр зи щIэрыпльа Черемисин Борис, Мэшыкьэу Т эзэл, Санэ Ирина, Кьудей Владимир *(«Кабардино-Балкарская правда» газет)*, Хьэжу Ахьмэд, Сэхъу Къэрэшей, Лыбекьуэ Хьэбас, Пажь Петр *(«Адыгэ псальэ»)*, Черкесов Сэрбий, Ахматов Исуф, Гуашев Мухьэмэд *(«Заман»)*, Исмэхьил Алий, Кlасэ Чэмал, Махуэлl Александр, Кьущхьэн Алексей *(«Советская молодежь»)*.

Дауи, дызыкIэ газетри зыгъэбжьыфIэр, купщафIэ зыщыр журналист гупыращ. Абы и лъэныкъуэкIэ ди хьыбарегъащIэ Iинатlэхэм Тхъэ кьаухуэпсэу кьыщIэкIащ. Нобэ цIыхухэм ящыгъэпщэркъым Судновэ Людмилэ, Мэлбахьэуэ Елбэрд, Киреев Александр, Белгъэрокъуэ Евгение, Онищенкэ Эллэ, КIымыкъу Жьилэ-фIы, Кульбаев Алий, Шепелев Александр, Волосов Аркадий, Шаваев Хьэсэн, Гуртуев Сэлихь, Теммоев Мухьэдин, Настуев Магомет, Кудаев Хьэсэн сымэ я тхыгъэ купщафIэхэр.

Зи гугъу тщIы ильэсхэм рес-публикэм газет Iуэхум зэрызыщичыжьам и щапхъэ нэсщ « Ленин гъуэгу» - «Адыгэ псальэ» газетым и IуэхущIафэ дахэхэр.

Сыт хуэдэ ахэр? Псом япэу зытетхьэ Iуэхугъуэхэм я тематикэм зригъэубгъуащ. Мэкъумэщым, промышленностым, парт, совет лэжьыгъэм зэрытетхьыным кьыдэкIуэу, нэхъыбэу тридзэу хуежьащ бзэр хуэмэным, литературэм, щэнхабзэм, къэзэджэм зегъэужьыным тепсэлъыхь тхыгъэхэр, тхыдэм, Кавказ зауэм екъэлIа табур машIэ-машIэуэр трагъэкIуэту хуежьащ, хамэ кьэрал ди къэралым я псэукIэ-щыIэкIэм нэхъыбэр и гугъу ящIу хуежьащ. Абыхэм екъэлIа япэ лъэбакъуэхэр зычар Бэкъан мокъуэ Хьэмид, КьуэIуфэ Хьэмэзэм, къэзэджэм зегъэужьыным тепсэлъыхь тхыгъэхэр, тхыдэм, Кавказ зауэм екъэлIа табур машIэ-машIэуэр трагъэкIуэту хуежьащ, хамэ кьэрал ди къэралым я псэукIэ-щыIэкIэм нэхъыбэр и гугъу ящIу хуежьащ. Абыхэм екъэлIа япэ лъэбакъуэхэр зычар Бэкъан мокъуэ Хьэмид, КьуэIуфэ Хьэмэзэм, къэзэджэм зегъэужьыным тепсэлъыхь тхыгъэхэр, тхыдэм, Кавказ зауэм екъэлIа табур машIэ-машIэуэр трагъэкIуэту хуежьащ, хамэ кьэрал ди къэралым я псэукIэ-щыIэкIэм нэхъыбэр и гугъу ящIу хуежьащ.

Газетым кьыззэIуихащ рубрикэщ, напэкIуэцIыщIэ куэд, лэжьыгъэм кьыхишащ литературэрэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм и лэжьакIуэ пажьэхэр, еджагъэшхуэхэр. А псом тхыгъэхэр я кущIафIэ ящам щэч хэлъкъым.

Журналистхэм ялэжьа Iуэху щхьэпэхэм ящыщ зыщ адыгэ лъэпкъыр зэрыуБыдыжьыным хуачъа яIэ лъэбакъуэр - КъБР-м, Адыгэ Республикэм, КъШР-м адыгэбзэкIэ кьыщыдзэкI газетхэм я номер зэхэтхэр дунейм кьытехьэу зэрыщIидзар. Парламент, я гъуэгуI зэгурыIуэныгъэ зэращIылIауэ щытаехэр лэжьэжыркъым, ауэ газетхэр ноби кьыдоIхэкуищым и зэпхьэпкъгъуэр зэпащIэу.

Адыгэ журналистикэр нобэ здынэса льагапIэм Iощ гъэхэм щыщIэдзауэ абы хуэлэжьа цIыхуищхэм я гуащIэ хэльщ. А псом я цIэ мы тхыгъэ цIыкIм кьыщыпхуиIэнукъым. Ауэ нэхъыбэрэ гъэтым щыщIэхьэ, зэльхьэныгъэ нэхъыбэ хуэзыщIахэр дигу кьэдмыгъэкIыжьынри тэмэм хуэнтэкъым. Ар ящIэн хуеиIщ нобэрей щIэблэм. Ахэр Апаижь Назэр, Теуиэжьы-кьуэ Анатолэ, Бекъан Чыланий, Къэрмокъуэхэ Мухьэмэдрэ Хьэмидрэ, Тlыхьужь Зэмахь, Хьэхьупащ Хьэжбэчыр, Шэрэпокъуэ Петр, Мырзэкъан Суфян, Сэбанщы Мэстафэ, КхъуэIуфэ Хьэчим, Шэджыхьащ Хьэмыщэ, Шыбзыхьуэ Мухьэдин, Шырыт СультlАн, Джаугуржий Iэбисат, Брай Адзлбий, Кьамбий Зуфар, Хьэх Сэфарбий, Тымыжь Хьэмыщэ, Уэрэсей Афлик, Уэрдокъуэ Женя, Джэлэс Таужид, Шхьэумэжь Бетlал, Iэнащ Анатолэ, Шал Мухьэмэд, Елгъэр Кашиф, КIэщт Мухьэз, Джэрыджэ Арсен, ЖьэкIэмыхьу Маринэ, Ширдий Маринэ сымэщ.

Ди къэралым и гъэсэныгъэ ин зыгъэуIэ Iуэхущхэм зэрыщытыр. Абыкlэ шэсупIэщ, зэгуэр зэр



Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артист Зыхьэ Заурбийрэ Имгрунт Иванрэ.

Швейцарием щыпсэу Дэгуф Сабэхьэт *(сэмэгумкIэ щытIу)* адыгэ кхъуейм и япэ фестивалым хэтщ.



●Хьуэхьу

Бахьсэн куейм хыхьэ Зенкъуэ къуажэм щыпсэу Унэж Щамиз Хьобил и къуэр къыщалъхуа махуэщ, илъэсий прокъурн, дохъуэхъу

Фыыуэ тлъагъу, дызэрыгушхуэ ди щIалэ гъэфIэн цIыкIу! Ми Iэфыгъуэщи, дунейр уи щIэщыгъуэу сабингъуэ дахэ уиIэну, уэныншагъэр уи бэу, уи пщIэр Iыгъэрэ уи псэр къабзэу, пьэпкъыр, къыбдалъхуахэр, зэрыщыту Зеикъуэ къуажэр уи щыхьым иригушхуэу, щIэныгъэрэ Iэщ1агъэкIэ уцIэрыйуэу гъащIэм ипы быдэкIэ уцIыуныну ди гуапэщи, дызэрыпхуэхъуахъуэр къо хьулIэну ГъЭм жиIэ!

Уи адэшхуэ Залымхъан, уи анэшхуэ Нафусэ, уи адэ-анэр, къыбдалъхуахэр.

НэхъыфIхэр къыхах

«СМИротворец-2011» зыфIаща, Урысейм щыпсэу лъэпкъ-хэр зэрызэкъуэтымрэ абыхэм я щэнхабзэм зэрызиужьымрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм къыщыгъэлъэгъуэ зэрыхъум тегухуа IV урысейпсо зэхьэзэхуэ Лъэпкъ журналистикэм и зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIащ. А Iуэхур абы къыдIыгъащ Урысей Федерацэм ЩIыналъэ зыужьынигъэмкIэ и министерствэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ щыбгъэлъагъуэ хьунут лъэпкъ щэнхабзэхэм зэрызаужьым, лъэпкъхэр зэрызэкъуэтым ятеухуа, а Iуэхугъуэхэм къызэщIаубыдэ щытыкIэ гъэщIэгъуэнхэр къызыхэщ лэжьыгъэхэр. Ахэр СМИ-м къыщатаузэ е къыщыградзауэ щытын хуейт 2010 гъэм щыщхьэIум и 1-м щыщIэдзауэ 2011 гъэм щыщхьэIум и 1 хьуху.

Зэпеуэр гуэщащ мыпхуэдэ IыхьэхэмкIэ: «Телевиденэ», «Радио», «Прессэ», «Интернет»; «Русскэр XXI лIэщIыкIыгъуэм». Журналист лэжьыгъэхэри, ахэр зэхьэзэхуэм хэгъэхьэнымкIэ заявкэхэри Iахащ 2011 гъэм фокIадэм и 12 хьуху. Иджы зэпеуэм и комиссэм нэхъыфIхэр къыхэхын щIе- дзэ.

Iуэхур зыщIэзгъэщIэгъуэнхэр щIэущIэхуэнущ мы телефон-хэмкIэ: (495) 978-02-89, 8-903-664-34-35.

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхугъэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмкIэ и министерствэ.

Гутlэ хэ я унэжьыр

Гутlэхэ Ферахь, Гюнар, Фатихь сымэ.

● Щикъуэхащ адыгэр дунеижьым

Хэкум и Iэфl

**- 90 гъэхэм я пэщIэдзэм Берлин мэкъумэщ хозяйствэмкIэ щекIуэкI дунейпсо гъэльэгъуэныгъэм япэу сыкIуауэ къызэрыгуэкI нэмыцэ ресторан сыщIыхьат, - жиIэ Краснодар крайм хыхьэ Белореченскэ куейм и тхьэмадэ Имгрунт Иван. - Къезгъэштэнур сшIэртэкъымкIэ. Iэнэзехьэм зыхуэзгъаззэри сельэIуащ: «Мыбы къыщыхьэхэм нэхъыфIу ильагъу, нэхъыбэрэ кърагъащтэ шхыныгъуэ къысхуэхь». - жысIэри. Дакъикъэ зыбжанэ дэкIа нужь, абы си Iэнэм къытригъэуващ бзыгъэ пащIэу зэтегъэжауэ адыгэ кхъуей зэрылъ тепщэчыр. Си нэкIэ сльагъур си фIэщ хьуртэкъым: адыгэ кхъуейр Германием дэнэ къызыкIар? Пэжщ, и Iэфlагъкlэ ар куэдкIэ пэжжьэщ Адыгэ, Къабэрдей-Балькъэр. Къэрэшей-Щэрджэс республикэхэм щыпсэу унагъуэхэм щащIхэм, ауэ ар фIыуэ яцIыху икIи щыпIэшхуэ щыхуащI Европэм.

Имгрунтыр Адыгэ РеспубликэмпщIэ щызыIэ цIыхущ. Ар щIэх-щIэхыкъэ къэокIуэ мы щIынальэм, нэхъыбэу абы пызыщIэри, пэжыр жыпIэмэ, лэжьыгъэ Iуэхукъым. Адыгейм абы щIэщ ныбжьэгъу, цыхугъэ куэд, аращи, щэрджэсхэм я лъэпкъ шхыныгъуэхэр, я хабзэхэр зыхуэдэм фы дыдэу щыгъуазэщ. Белореченскэ куейм и тхьэмадэр щыпIалъагъунущ Адыгэ Хасэм и зэхьэзэхэм, лъэпкъым къыдекIуэкI махуэшхуэхэр щагъэльапIэ пшыхьхэм. Ильэс зыбжанэ и пэкIэ Имгрунт Иван и ныбжьэгъу адыгэхэм хъурыфэ пыIэ тыгъэ хуащIауэ щытащ. Иджы, Адыгэ Республикэм къыщыкIуэкIэ, абы щыпсэухэм пщIэ зэрахъунщIыр къитгъэльагъуэу, сытым дежи а пыIэр щхьэретIагъэ. Апхуэдэу абы дыщыхуэзауэ щытащ дуней псом зи щIэр щыIуа адыгэ зэкъуейм «Iуэхуэу» Мейкъуапэ щыIэхэтэ фестивалым кърагъэблагъауэ.

Кхъуейр псом я щхьэщ

2010 ГЪЭМ и жэпуэгъуэ мазэ. Адыгэ Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ ильэс бжыгъэ дахэ щрикъум ирихьэлIэу Мейкъуапэ щекIуэкIащ щэрджэс щэнхабзэм и V дунейпсо фестивалрэ тхыдэм щыяпэу адыгэ кхъуей хэхьным теухуа зэпеуэрэ. Утыкум кърахьат Iуэхущапlэ зэхуэмыдэхэм, щыху щхьэхуэхэм ягъэхьэзыра кхъуей лIэужьыгъуэ куэд. Хэтт республикэм и щыхьэрым а шхыныгъуэр хьэзыру кьишат, хэти, псалъэм папщIэ, тохьутэмыкъуейхэмрэ Адыгейск кьалэм кьикIах эмрэ хуэдэу, я кхъуейр псоми ялъагъуу абде ж щагъэхьэзырырт. Адыгэ макъамэ щабэ кьеуэр т, щIалэгъуалэм дж эгу яублауэ, гъэльэгъуэныгъэм кьекIу алIэкIэр абы хашэрт.

Мыпхуэдэ зы Iуэхугъуи мыбдеж къыщыхэгъэщыпхьэщ. 70 гъэхэм адыгэ кхъуейр къыщIэзыгъэкI Iуэхущапlэ яп дыдэу зэтезыублауэ щытар хы Фыцlэ Iуфэм Iус шапсыгъэм кьахэкIа Чынтэжь Мадинщ. Нобэ АР-м щащI кхъуейр яшэ Урысейм и хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм, апхуэдэуи ар ялъоIэс хамэ кърахьалэми. Уеблэмэ Японием къыщацIыху адыгэ кхъуейр.

- Ди кхъуейм зыми емыщхь Iэфlагъ щIэлъщ. Ар кьуажэм щыпсэу ГутIэхэ я унэм ухуишэнущ мэ гуакIуэм. Адыгэ щIакхъуэ ягъэжьам и мэр Iэгъуэблагъэм ихьуреягькIэ къыщыпщIехьэ. Мыбы щыпсэуэхэр а мэм есэжащ, ауэ Кавказым кьикIа хьэщIэм дежкIэ ар гъуаэзщ, абы я унэм ублэкIыфынукъым.

- Мы унагъуэр ди жьылэм псоми фы дыдэу къыщацIыху, - жиIэ къуажэм и тхьэмадэ Бгъуащэ Орхьэн. - Фатихьрэ абы и щхьэгъусэ Гюнаррэ я закъуэщ ди нэхъыжьхэм я щIакхъуэ гъэжькIэр зыщIэщIэмыгъупщыкIыжауэ жылэм дэсыр. Абы я щIакхъуэм жылэ псор ирогушхуэ, гъунэгъу кьуажэхэм кьикIыурэ ар ящэху, тыркухэм ар кьаэзрыщыхьэм и гугъу умыщIыххэми хьунущ...

Гюнар адыгэ бзылъхугъэщ, Хьэтхъуэхэ ящыщщ. Тыркур зауэ лъэхъэнэм щыхэта зэманым кьалъхуа пщащэ щIыкIум зыхэс лъэпкъым зэрахьэ цIэхэм ящыщ фIамыщIу хьуахьым. Аращ и щхьэм кьрикIуар абы и щхьэгъусэмэ. Нобэ хуиту я анэдэльхубзэкIэ псалъэмэ, адыгэхэм я тхьдэр ягу кьагъэкIыжми, зыщыщ лъэпкъыр щагъэгъупщэу тырку ящIыну яужь кьыщихьа зэман шынагъуэр абыхэм иджыри ящIэж.

Зи ныбжь хэкIуэта унэгуащэм махуэ кьэс хьэку пщтырым бгъэдэтыным и закъуэкым кьалэну иIэр. Унагъуэм абы щыпсэфIегъэкI нэгъуэщI лэжьыгъэ гуэл, апхуэдэуи кьуэрылъхуми кIэлъыплъын хуейщ. Ауэ щIакхъуэ имыгъажьэу зы махуэ дигъэкIыркъым, апхуэдизкIэ ар абы есащи.

- Унагъуэ сихьа иужьщ щIакхъуэ гъэжьэн зыщIэгъэсар, - жиIэ Гюнар. - Си сабингъуэм щыщIэдзауэ адэ-анэм унагъуэ Iуэху щIэнымк, лъэпкъ щхыныгъуэхэр гъэхьэзырыным сыхуагъэсащ. Пэжыр жысIэнщи, си анэм унагъуэ Iуэхуэхэр кьыстригъэхьэлъэртэкъым, ухунэсыжыщ иджыри, жиIэртти. ПщэфIэным хэль щэхуэхэр абы иригъэщIат Кавказым къыщалъхуа и анэм. Си анэм сытым дежи жиIэрт мыпхуэдэ щакхъуэр эхуужьым щагъажьэу щытауэ.

Гюнар махуэ кьэс пщэрджьжьым сыхьэтти 5-м къотэдж. МыпIащIэурэ тхьэвыр епщ, хьэкур зэщIегъапIэ. И нысэ Ферахьи адыгэ бзылъхугъэщ. Ари гуащэм доIэпыкъу хьэлывэм далъхьэнухэр гъэхьэзырынымкIэ. Унагъуэм езым я тыкуэн кьызэIуахжакащи, ягъажьэхэр абы щащэ, апхуэдэуи пщыхьэщхьэ кьсклэ сабийхэр а шхыныгъуэ Iэфlхэмкlэ ягъэтхъэж.

Щlакхъуэ, хьэлывэ гъэжьэным зы сыхьэт нэхъыбэ трагъэкIуадэрэкъым. А зэманым кьрыубыдэу Фатихь я псэукIэр дигъэльагъуну дрешажьэ. Хадэм итщ нащэ, джэш, нартыху, щхъуантIагъэ зэхуэмыдэхэр, мыIэрысей, кхъужьей жыгхэр.

- Мы унэм сэ сыкъыщалъхуащ, иужькIэ абы дунейм къыщытехьащ си бынхэри, - жиIэ унагъуэм и тхьэмадэм, бдэкIа лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм яухуа пхъэ унэр сигъэльагъуурэ. Пэжщ, илъэсипщI хьуауэ я унэм зыри щыпсэужыркъым. Унагъуэр щIэсщ иджырей мардэхэм тету абы бгъурыту яща унэшхуэм. – Кавказым кьиIэпхъуKIыу мы щынальэр псэупIэ зыхуэхьуа ди унагъуэм и тхыдэм щыщ Iыхьэщ мыр, - пещэ адэкIэ Фатихь. - Мыпхуэдэ унэу кьэнэжар Iэпэкlэ кьыпхуэбжьынущ, абы кхьыхэкIыуи ар ди щIэблэм кхьахуэгъэнэну сыхуейщ...

... Ферахь псынщIэу Iэнэр кьеуэзэд. Абы кьытрегъэувэ щIей, псыэфI, псы, адыгэ кхъуейр зыдэль хьэлывэр. Сэ апхуэдэ куэд щысшхащ сыкъыщыхьуа Шапсыгъми, Адыгейми, Къэбэрдеймри, Израилым щыIэ Кфар-Камэ адыгэ жьлэми, ауэ мыбы хуэдэу Iэфl икIи кьэуат зиIэ зыщIыпIи эри сыщрихьэлIакъым. Апхуэдэ зы хьэлывэ щIыхь балигъым махуэ псокIэ рикъунущ, фи фIэщ фщIы, абы и ужькIэ фэ нэгъуэщI ерыскъыгъуэ фемыплъыжьыфынУ..

НЫБЭ Анзор,
Адыгейм щыпсэу зиIэ и журналист.

Адыгэ кхъуейм хуэдэ щыIэкъым.

ГутIэ Гюнар

Щlакхъуэр хьэзыр хъуащ.

Ди анэшхуэхэм зэрыхахыу щытам хуэдэу

БУРСЭ пэмыжьжьэу щыIэ Солуджакъ фIыуэ тлъагъу икIи тпэжжьэ хэкум и Iэфlагъыргъ, - жиIэ адыгэ кхъуейм и япэ фестивалым хэта, Швейцарием щыпсэу ди хэкуэгъу бзылъхугъэ Дэгуф Сабэхьэт.

Псом хуэмыдэу абы игу ирихьащ Тохьутэмыкъуей кьикIахэм ягъэхьэзыра кхъуейр. Ар фIагъ лъагэ иIэу зэрагъэхьэзырар кьилъытащ Имгрунт Ивани. «Мыр япеуэфынущ дунейпсом щыцIэрыIуэ кхъуейлIэужьыгъуэ куэдым», - жиIащ абы.

Адыгэ кхъуейм и гъэхьэзырыкIэр яхьумащ хамэ кьэрал щыпсэу ди лъэпкъхэм я кхъуехэм. Кьапщтэмэ, кхъуейм и закъуэкым.

Ди анэшхуэхэм зэрыхахыу щытам хуэдэу

Гутlэ хэ я унэжьыр



Гутlэхэ Ферахь, Гюнар, Фатихь сымэ.

Урысейм и Лlыхъужьыр Iуащхьэмахуэ докI

Кхъухьтыатэзехуэ-космонавт, Урысей Федерацэм и Лlыхъужь Юрчихин Федор Iуащхьэмахуэ дэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм альпинизмымкIэ и федерацэм и унафэщI, КъБР-м и альпинист цIэрыIуэ, тIэуцнепрэ Эверест къэзыгъэIурыщIа Ольмезов Абдул-Хьэлим щыгъуу.

ЮРЧИХИН Федор щэнейрэ космосым лъэтащ икIи щэнейрэ кхъухьым кьикIыурэ абы и щIыкIкIэ щыIэжьащ. Юрчихинным апхуэдэу «эгу сурэттех» хужаIэ хьэршым щыIэу сурэт хьэлэмэт куэд зэрытирах ямыкъэкIыу. Езым кьызэригъэлъэгъуамкIэ, абы Iуащхьэмахуэ хуабжьу игу ирихьащ: «Уэгум ситу сурэт щытес хьэлэмэ мы бгыр гъэщIэгъэн кьыкъыщыхуащIкIи абы сыдэкIыну мурад сщIауэ щытащ. Космосым укъыщиплъым и дежщ ди щIыпIэм и тельыджагъэр нэсу щыпIалъагъур».

Юрчихин Федор фокIадэм и 7-м Iуащхьэмахуэ лъапэ кIуэри, махуэпIэ нэхъ дэмыкIыну кьитгъэIурыщIащ Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэр. Ольмезов Абдул-Хьэлим зэрыжиIэмкIэ, Iуащхьэмахуэ дэкIыным апхуэдэ зэман кIэщIым зыхуэзыгъэхьэзырыфыр зырызыхэхэщ. «Си гъуэгуанэр гъэпсыгъагъуэм и фIыгъэкIэ дэ мы гъуэгуанэр гъэмэну зэпытчащ, - кхьыхигъэщIэжьукIащ космонавтым. - Абдул-Хьэлим тIэунейрэ Эверест дэкIащ, ар хьэршым ульэтэн нэхъ зыкIи нэхъ тыншкъым».

Юрчихин Федор мы Iужур кьызэзыгъэпэщахэм - Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я унафэщIхэм, КъБР-м альпинизмымкIэ и федерацэм фIыщIэ яхунщIащ сыт и лъэныкъуэкIи кьызэрыдэIэпыкъуам папщIэ.

ТАРИМ Алисэ,
Iуащхьэмахуэ мунципальнэ районым и щыпIэ администрацэм и пресс-секретарь.

● КъБР-м и прокуратурэм

Уголовнэ Iуэхуу 3

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Лавреним Юрэ иригъэкIуэкIащ коррупцэм пэщIэтыныжьмкIэ Iуэхущапlэхэм эдлэн, эныжьмууэ лажьэ гупым и зэIущIэ. Бы хэтащ УФ-м Следственнэ комитетым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, КъБР-мщыгъэ МВД-м, Урысейм и ФСБ-м, ФСИН-м, ФСКН-м, ФССП-м, МЧС-м, ФАС-м, СФФН-м я щIыналъэ управленихэм я лъыкIуэхэр.

ЗЭIУЩIэм щызэпкрахащ 2010 -2011 гъэхэм коррупцэм зэрыпэщIэтыным и Лъэпкъ планым и Iуэхуэ кIэ иуэгъабэ мэлыжьыхьым и 13-м Урысей Федерацэм и Президентым кьыдигъэкIа Указ №460-м щыубзыхуахэр гъэзэщIа зэрыхьумрэ Iулъхъэ тын-къеIыным пэщIэтыныжьмкIэ законодательствэм зэрытетыр кьащIэту иIыхьым и яп-мазихым зэгъуэгу ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэ зыхуэдэмрэ.

КъызэрагъэлъэгъамкIэ, Iуэхущапlэхэр зэуIуэ коррупцэм зэредгъым фы кьрокIуэ. Зи гугъу тщIы зэманым кьриубыдэу бюджет законодательствэр, къэралыр, муниципалитетхэр зыхуэйхэм ятещIыхьауэ хьэпшыпхэр кьызэрашэм, лэжьыгъэхэмрэ Iуэхугъэхьэзэхэмрэ зэрызэфIагъэкIыам теухуа хабзэхэр зэрагъэзащIэм ныкъуасанигъэшхуэхэр кьыщыщIагъэщащ. Я кьудыкъур кьагъэсэбэпурэ бюджет ахъшэу сом 16143087-рэ зэхадыгъуауэ кьахутащ. Абыхэм япкъ итклэ, УФ-м Следственнэ комитетым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, Урысейм и ФСБ-м и щIыналъэ управленэм следствием кIэ я Iуэхущапlэхэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iэнатlэхэмрэ щыпсэухэм я щымыт организацэхэмрэ щыщ кьудыкъущIэхэм яхуэгъэзауэ уголовнэ Iуэхуу 3 кьаIэтащ.

ЗэIущIэм щагъэбелджылащ республикэм агропромышленнэ комплексым зыщегъэужьыным хуаутIыпщ бюджет ахъшэр кьыщагъэсэбэпкIэ, языныкъуэ муниципальнэ программэ хэхахэр щагъэзащIэкIэ коррупцэм пэщIэтыныжьмкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэр етIуанэ мазихым кьызэрапщIэну щыIкIэр.

КъБР-м и прокуратурэр кьывольэIу Iулъхъэ хьэгъэнагъэ зэрахьэу ту лъыфтэмэ, 40-45-51 телефонымкIэ е info@prokuror.ru электрон хъщIапlэмкIэ хьыбар евгъэщIэну. Ар кьызыбгъэдэкIыр хэIущIыIу ящIыну- кьым.

Ныкъуасанигъи 172-рэ

КъБР-м и прокуратурэм кьыщыгъащ республикэм щIэныгъэ щрагъэгъуэт и Iуэхущапlэхэм щынагъуэщагъэр кьыщыдзэгъэнэщыщымрэ ахэр террор хьэгъэщагъэхэм ящыхьумэныжьмрэ теухуа хабзэхэр зэрыщагъэщIэр.

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, языныкъуэ щыпIэхэм абы и лъныкъуэкIэ кьапэщытхэм щелIалIэркъым, я инженер-техникэ щытыкIэр, адекIапIэхэр шынагъуэнщагъэм зэрыхуэщIапlыIэ щыщалъэхэм кьитIасэркъым. Къэпщытэныгъэм кьызэригъэлъэгъуамкIэ, еджапIэхэм я унафэщI щхьэхуэхэм кьулыкъуэкIэ я щIэрыльхэр кьрадзэркъым. Апхуэдэущ, кьапщтэмэ, еджапIэхэр хьумэныр кьызэгъэпэщыныжьмкIэ дзэкъыпхъэхэм ятеуха законым и Iуэхукlэ кьару зыгъуэта суд унафэхэм зэремыIалIэр.

Псори зэхэту ныкъуасанигъи 172-рэ кьахутащ, ахэр ирыригъэхъэзэкIуэжьи папщIэ, кьуаншхэм яхуэхъэуэ тхыль 48-рэ ягъэхьэзыращ, 10-ми хабзэм ебакъуэ зэрымыхъунущ Iургъэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапlэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЪЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаз Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущlо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъаро Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIаныр къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущапlэхэм эдлэжьэныжьмкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресс-мослужбэмкIэ - 42-22-88; етъуэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; суэрэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм иэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ ящ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элтэ, редактору Гъущlо Зариф, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Инир *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэныкъуэгъу Мырэзкъан ФатIимэ. *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ищIащ* Мэлбахьэу Анжелэ, *суэрэттхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 8.878● Заказ №3270